


CLASON'S POINT LIBRARY (LIBRERI CLASON'S POINT) FYÈ POU LI ASOSYE L AK ROUNABOUT THEATRE COMPANY

Roundabout Theatre Company selebre potansyèl teyat la lè li mete aksan sou klasik tan lontan yo, lè li kiltive nouvo zèv ki soti jounen jodiya, ak lè li edike lespri moun pou lavni. Roundabout, ki se yon konpayi ki pa gen objektif pou fè lajan, akonpli misyon sa a nan pwodwi pyès teyat ak komedi mizikal ki koni ak sa moun pa twò konnen; nan dekouvri ak sipòte otè pyès teyat ki gen talan; nan redwi obstak ki ka anpeche moun ale nan sal teyat regilyèman; nan kolabore ak yon ekip atis ki divèsifye; nan bati eksperyans edikatif ; ak nan kataloge plis pase senk deseni istwa pwodiksyon.

**JWENN TIKÈ GRATIS POU GADE ESPEKTAK
SA A KI PA TANKOU BROADWAY!**



*Pou plis enfòmasyon sou fason pou jwenn kupon tikè gratis, tanpri pale ak anplwaye bibliyotèk la.
Kantite yo limite.*

PATISPE NAN ATELYE TRAVAY AK EVÈNMAN ANSANM AK ATIS KI NAN REZIDANS NAN WONPWEN AN!



Patisipe avèk nou nan atelye travay atistik òganize yo ki fèt pou ankouraje pwosesis kreyatif la. Atis anseyan, Kadeem Harris ak Leah Reddy pral gide patisipan yo pou yo kreye pwòp pyès teyat orijinal pa yo nan rakonte yo istwa epi nan pataje tradisyon yo avèk mo, pwezi, ak mond teyat la. Atravè eksplorasyon egzèsis teyatral yo, teknik enpwovizasyon, ak otè pyès teyat, patisipan yo pral konsantre yo nan reyalis majik pandan y ap kreye pwòp pyès teyat orijinal pa yo.



Pou aprann plis sou pwogram nan epi pou w enskri, tanpri eskane kòd QR ki anba a oswa vizite [nypl.org/locations/clasons-point](https://www.nypl.org/locations/clasons-point) epi chèche pwogram pou granmoun.

Asistans pou Tande ak ASL: Entèpretasyon ASL ak sous-titrage an tan reyèl (CART) disponib sou demann.

Tanpri soumèt demann ou a omwen de semèn alavans lè w voye yon imèl sou accessibility@nypl.org.

Pou mande materyèl ki an gwo lèt, tanpri voye imèl nan adultprogramming@nypl.org.

